# ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE INTEGRATSIYALÍQ JANTASÍW ARQALÍ ÓZ BETINSHE JUMÍSLARDÍ SHÓLKEMLESTIRIWDIŃ NÁTIYJELILIGI

**Xojambetova Juldızxan Baxamdullaevna**
**Ájiniyaz atindaǵí Nókis mámleketlik pedagogikalíq institutínıń magistri**
https://doi.org/10.5281/zenodo.22244729

**Annotatsiya.** Bul teziste ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde integratsiyalıq jantasıw tiykarında sabaqlardı shólkemlestiriwdiń pedagogikalıq imkániyatları hám nátiyjeliligi jarıtılıp berilgen. Integratsiyalıq jantasıw arqalı hár túrli pánler arasındaǵı óz-ara baylanıslılıqtı támiyinlew, oqıwshılardıń erkin túrde pikirlewi, dóretiwshilik qábileti, mashqalalı jaǵdaylardı sheshiw hám ámeliy kónlikpelerdi rawajlandırıw máseleleri analiz etilgen. Sonıń menen birge, sabaq processinde pánler aralıq integratsiyadan paydalanıwdıń zamanagóy bilimlendiriw talaplarına say tárepleri kórsetip berilgen.

**Tayanısh túsinikler:** integratsiyalıq jantasıw, óz betinshe jumıslar, pánler aralıq baylanıs, sın pikirlew, proekt, kompetensiya, kreativ pikirlew, zamanagóy tálim.

XXI ásirde bilimlendiriwdiń bas maqseti oqıwshıǵa tayar bilimlerdi beriw emes, bálki olardı óz betinshe ráwishte bilim alıwǵa úyretiwden ibarat. Mektep jasınan baslap-aq tálim kónlikpelerin qáliplestiriwde integratsiyalıq jantasıw eń nátiyjeli qurallardan biri esaplanadı. Bir qansha pándi ózinde birlestirgen integratsiyalasqan wazıypalar oqıwshını qálipli pikirlewden shalǵıtıp, mashqalaǵa keńirek hám dóretiwshilik penen jantasıwǵa shaqıradı.

Óz betinshe jumıs – oqıwshınıń oqıtıwshı tárepinen berilgen jónelisi hám tapsırmaları tiykarında bilimlerdi óz betinshe izlep tabıwı, analiz etiwi hám ámeliy iskerlikte qollanıw processi esaplanadı. Óz betinshe jumıs oqıwshıda juwapkershilik, liderlik, óz-ózin baqlap analiz etiw hám óz iskerligin bahalaw sıyaqlı áhimiyetli qásiyetlerdi qáliplestiredi.

Integratsiyalıq jantasıw bolsa óz betinshe jumıstıń mazmunın jáne de bayıtıw imkániyatın beredi. Sebebi, real turmıstaǵı mashqalalar kópshilik jaǵdayalarda bir ǵana pán aynalasındaǵı bilimler menen sheklenip qalmaydı. Olardı sheshiw ushın hár túrli pánlerden alınǵan bilim hám kónlikpelerdi birgelikte qollanıwdı talap etedi.

Integratsiya – bul pánlerdiń differensial processi dawamında jaqınlasıwı hám baylanısı bolıp esaplanadı. Ayrıqsha atap ótkende, integratsiya processi uzaq ótmishtegi xalq pedagogikasına hám ilimiy pedagogikaǵa tiykarlanǵan. Ullı didaktik alım Yan Amos Komenskiydiń bildiriwinshe: "Bir-biri menen baylanıslı bolǵan hámme nárse, dál sol kóriniste úyreniliwi kerek". Pánler aralıq baylanıslar ideyasına keyinshellik júdá kóp pedagoglar jantasıp, onıń rawajlanıwı hám ulıwmalastırılıwına úles qosqan. D.Lokk ideyasına kóre: "Tálim mazmunınıń anıqlanıwında bir pán basqa pánlerdiń elementleri hám faktleri menen toltırılıwı kerek". Pestalossi bir pánniń basqa bir pánnen uzaqlasıwı hátteki qáterli ekenligin bildiredi.

Integratsiyalıq jantasıw tiykarında óz betinshe jumıstı shólkemlestiriwde tómendegi metodlardan nátiyjeli paydalanıw múmkin:

Proekt metodı – oqıwshılardıń belgili bir mashqalanı erkin túrde úyreniwi hám proekt jaratıwı;

Izertlew metodı – soraw yáki mashqala tiykarında maǵlıwmat toplaw, analiz etiw hám juwmaq shıǵarıw;

Mashqalalı tálim – oqıwshını mashqalalı jaǵdayǵa dus keltirip, óz betinshe sheshim tabıwǵa baǵdarlaw;

"Aqılıy hújim" - mashqala barısında hár túrli ideyalardı alǵa súriw hám olardı analiz etiw;

Klaster hám konseptual kartalar – hár túrli pánlerden alıngan bilimler arasındağı baylanıslılıqtı kórsetedi.

Sanlı tálim quralları – elektron sabaqlıqlar, tálim platformaları, multimedia materialları hám basqa sanlı resurslardan paydalanıw.

Óz betinshe tálimdi nátiyjeli shólkemlestiriwde oqıtıwshınıń wazıypası da áhimiyetli esaplanadı. Oqıtıwshı oqıwshığa tek ğana tapsırma berip qoymastan, onıń maqsetin anıq belgilep alıwı, orınlaw basqıshların túsindiriwi, zárúr dereklerdi usınıs etiwi hám juwmaqlawshı nátiyjeni bahalaw kriteriyaların aldınnan belgilewi kerek.

Sonıń menen birge, tapsırmalar oqıwshılardıń jas hám individual özgesheliklerine say bolıwı kerek. Ápiwayı mağlıwmatlardı qaytadan bayanlawğa tiykarlanğan wazıypalardıń ornına izleniw, analiz, salıstırıw, mashqalanı anıqlaw, sheshim usınıw hám dóretiwshilikke bağdarlanğan ónim jaratıwdı talap etetuğın tapsırmalardan paydalanıw maqsetke muwapıq.

Integratsiyalıq jantasıw tiykarında shólkemlestirilgen óz betinshe tálim, joqarı klass oqıwshılarında tómendegi nátiyjeli kórsetkishlerge alıp keledi:

Sın pikirlew hám analiz: Mağlıwmatlardıń arasınan eń áhimiyetli faktlerdi toplaw hám olardı túrli pánler prizmasında salıstırıw qábiliyeti artadı.

Kreativlik hám kásipke bağdarlanğanlıq: Mashqalalarğa standart bolmağan sheshimler tabıw processinde oqıwshılar ózleriniń qaysı tarawğa (anıq, tábiyiy yáki gumanitar) meyilligin anığıraq ańlaydı.

Joqarı tálimge tayarlıq: Erkin túrde kurs jumısları, ilimiy tezis hám proektler jazıwdıń fundamental kónlikpeleri rawajlanadı.

Sonıń menen birge, óz betinshe jumıslardı integratsiyalıq jantasıw kórinisinde alıp barıw psixologiyalıq tárepten de nátiyjeli esaplanadı:

Assotsiatsiyalıq este saqlaw: Insánnıń miyi mağlıwmatlardı bólek-bólek tárizde emes, al bir - biri menen baylanısqan kórinisinde eslep qaladı. Máselen: Táriyxtı úyrenip atırğanımızda sol dáwirdiń ádebiyatı hám geografiyasın qosıp úyreniw temanı yadımızda jaqsıraq saqlap qalıwğa járdem beredi.

Kognitiv beyimlesiw: Integratsiyalıq óz betinshe jumıs, kognitiv beyimlesiwdi rawajlandırıwdıń eń áhimiyetli trenajorı esaplanadı. Oqıwshı qandayda bir sabaq aynalasında ximiyalıq reaksiya formulasın esaplap turıp, birden onıń ekologiyağa tásirin ótkere alıwı miyde jańa neyron baylamların payda etedi. Bul bolsa, kognitiv beyimlesiwdi asırıp, insándı turmıslıq kútilmegen stressler hám ózgerislerge shıdamlı etedi.

Juwmaqlap aytqanda, integratsiyalıq óz betinshe jumıslar oqıwshınıń tálim processindegi juwapkershiligin asıradı. Oqıwshı óz iskerliginiń nátiyjesine juwapker bolıwdı úyrenedi. Bul bolsa onda óz-ózin rawajlandırıw hám úzliksiz tálim alıw ushın zárúr bolğan kónlikpelerdi qáliplestiredi.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Yoʻldoshev, J. Gʻ. Zamonaviy pedagogik texnologiyalarni amaliyotga joriy etish / J. Gʻ. Yoʻldoshev, S. A. Usmonov. – Toshkent : Fan va texnologiya, 2004.
2. Ishmuhamedov, R. J. Ta'limda innovatsion texnologiyalar (pedagogik texnologiyalarni ta'lim jarayoniga joriy etish boʻyicha amaliy tavsiyalar) / R. J. Ishmuhamedov, A. Abduqodirov, A. Pardaev. – Toshkent : Iste'dod, 2008.
3. G'oziev E. G. Taffakur psixologiyasi. – T.: O'qituvchi, 1990.
4. Коменский Я.А. Великая дидактика. – М.: Педагогика, 1982.